



Pou Piblikasyon Imedya: 14/06/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ESPÒ POU JÈN KI GEN RISK BA POU REJYON YO
NAN FAZ TWA KA KÒMANSE NAN DAT 6 JIYÈ**

*Eta a ap pwolonje enskripsyon espesyal nan Mache Plan Sante a pou 30 anplis
rive jiska 15 jiyè 2020*

*Raple ba ak restoran yo ke vyolasyon règ ak direktiv sou re-ouvèti yo ka lakòz
pèt lisans pou vann bwason*

*Gouvènè a siyen lejislasyon ki mande Depatman Sante Eta a pou mennen yon
rechèch sou enpak COVID-19 sou sante kay minorite yo nan Eta New York*

*Anonse kantite ka ospitalizasyon ak lanmò ki pi ba depi lè pandemi an te
kòmanse*

Sèlman 1.1 poustan tès pou COVID yè yo te pozitif

*Konfime 694 ka kowonavirus anplis nan Eta New York - sa ki fè total la nan tout
Eta a rive 383,324; Nouvo ka nan 41 Konte*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke espò pou jèn ki gen risk ba pou rejyon yo nan faz twa re-ouvèti a ka kòmanse nan dat 6 jiyè avèk jiska de espektatè ki otorize pou chak timoun.

Gouvènè Cuomo te anonse tou ke eta a ap pwolonje peryòd enskripsyon ouvri espesyal la nan Mache Plan Sante Eta Sante New York la pou 30 jou anplis rive jiska 15 jiyè 2020.

Gouvènè a te raple ba ak restoran yo tou ke nenpòt vyolasyon règ ak direktiv sou re-ouvèti yo ka lakòz pèt lisans pou vann bwason etablisman sa a. Anplis de sa, moun yo ka resevwa amann pou resipyen ki ouvri ak distans sosyal ki pa respekte. Gouvènè a te raple gouvènman lokal yo tou pou ranfòse tout règ ak direktiv sou re-ouvèti yo epi nenpòt nan echèk pou ranfòse règ sa yo ka lakòz fèmti biznis yo.

Gouvènè a te siyen tou lejislasyon (S.8245-A/A.10517) ki mande Depatman Sante Eta a pou mennen yon rechèch sou enpak COVID-19 sou sante kay minorite yo nan Eta New York. Eta a te reyalize anvan sa yon ankèt sou tès antikò nan legliz yo, nan kominate New York ki gen mwens revni ak kominate koulè yo, ki te montre pi wo pou santaj enfeksyon pami moun nan kominate sa yo konpare ak tout popilasyon an.

Gouvènè a te anonse tou eta a te atenn kantite ka ospitalizasyon ak lanmò ki pi ba depi lè pandemi an te kòmanse. Kantite ospitalizasyon total yo te bese yè nan nivo ki pa ba a depi 20 mas la pou rive nan 1,657. Venn-twa moun nan New York te mouri akoz COVID-19, kont yon rekò 800 moun jis nèf semèn de sa.

"Eta New York te kontinye swiv done ak chif yo sou viris COVID-19 la epi n ap fè gwo pwogrè nan kantite lanmò ak ospitalizasyon ki pi ba depi pandemi sa te fèk kòmanse", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Tout sa yo se bon nouvèl men kompòtman nou se sa k ap kenbe chif sa yo ba epi chif yo ka chanje nan yon semèn si nou pa rete discipline ak swiv direktiv ak pwotokòl ki anplas yo. Nou resevwa rapò toupatou nan eta a sou gwo rasanjebleman, vyolasyon distans sosyal ak moun ki pa mete mask - epi nou vle raple tout moun ak biznis, espesyalman ba ak restoran yo, ke pa respekte règ ak direktiv eta a sou re-ouvèti a ap lakòz gwo konsekans."

Senatè Kevin Parker te deklare, "COVID la te rache yon vye kwout nan blesi inegalite nan zafè sante nan eta nou an. Nou bezwen konprann plis sou fason pandemi sa a afekte kominote Afwo-Ameriken ak Latino yo pou nou ka anpeche katastwòf maladi ak lannmò sa a alavni. Lejislasyon sa a se premye etap enpòtan nan direksyon pou elimine inegalite nan zafè sante nan eta nou an ak pwoteje kominote ki vilnerab yo. Gouvènè a enkane bèl nati New York lè li siyen lwa sa a".

Manm Asanble Jeffrion L. Aubry te deklare, "Inegalite nan kominote yo ke pandemi an te ekspose yo dwe eksploré, analize ak elimine. Pwojè lwa sa a egzije travay sa. Mwen remèsyé Gouvènè a, Sena ak Asanble a dèske yo te aji rapid sou lejislasyon sa a".

Sou 62,359 tès yo te reyalize nan Eta New York yè, sèlman 694, oswa 1.1 pouzan, te pozitif. Pousantaj tès pozitif chak rejyon yo pandan twa dènye jou yo se konsa:

REJYON	JEDI	VANDREDI	SAMDI
New York City	1.50%	1.70%	1.40%
Capital Region	0.50%	0.70%	0.60%
Central New York	0.60%	1.20%	0.60%
Finger Lakes	0.60%	0.60%	0.90%
Long Island	1.00%	1.00%	0.90%
Hudson Valley	1.10%	1.30%	1.00%
Mohawk Valley	0.80%	1.00%	1.40%
North Country	0.20%	0.20%	0.20%
Southern Tier	0.30%	0.20%	0.40%
Western New York	1.40%	1.10%	1.10%

Finalman, Gouvènè a te konfime 694 ka kowonavirus anplis, sa ki bay yon total 383,324 ka konfime nan Eta New York. Nan total 383,324 moun tès yo te pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se konsa:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	2,020	4
Allegany	54	0
Broome	651	4
Cattaraugus	104	3
Cayuga	106	3
Chautauqua	107	1
Chemung	138	0
Chenango	138	0
Clinton	98	0
Columbia	436	5
Cortland	42	0
Delaware	88	0
Dutchess	4,056	7
Erie	6,785	32
Essex	40	0
Franklin	25	0
Fulton	234	2
Genesee	212	0
Greene	251	1
Hamilton	6	1
Herkimer	128	0
Jefferson	81	0
Lewis	20	0
Livingston	123	1
Madison	334	1
Monroe	3,370	30
Montgomery	104	1
Nassau	41,204	32
Niagara	1,166	12
NYC	209,878	385
Oneida	1,273	20
Onondaga	2,519	21
Ontario	233	3
Orange	10,571	8
Orleans	267	6
Oswego	122	0
Otsego	80	0

Putnam	1,288	3
Rensselaer	513	2
Rockland	13,423	12
Saratoga	515	1
Schenectady	725	2
Schoharie	54	0
Schuyler	12	0
Seneca	63	0
St. Lawrence	215	1
Steuben	255	0
Suffolk	40,659	44
Sullivan	1,430	0
Tioga	139	2
Tompkins	173	0
Ulster	1,741	2
Warren	257	0
Washington	243	1
Wayne	133	2
Westchester	34,290	37
Wyoming	92	1
Yates	40	1

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)